



Ba w mwayen pou w aji nan Travay ou

Depatman Travay Delaware la, Divizyon Afè Endistriyèl, dedye pou asire yon anviwònman travay ki jis, an sekirite, ak respektye pou tout anplwaye nan tout eta a. Gid sa a dekri dwa ou yo, sipò ki disponib, ak kijan ou ka jwenn resous ou bezwen yo.

Dwa Ou ak Sèvis Sipò:

- **Sekirite nan Kote w ap Travay la:**
Afè Endistriyèl fè enspeksyon sekirite epi ofri konsiltasyon sante pou kenbe anviwònman travay ou an sekirite.
- **Peman Jis:**
Nou entèvni nan diskisyon sou salè epi asire ke lè travay ou ak salè ou respekte estanda legal yo.
- **Diskriminasyon ak Asèlman:**
Si w ap fè fas ak diskriminasyon oswa asèlman nan travay, nou la pou sipòte ou atravè pwosesis ki defann dwa ou yo.
- **Konpansasyon Travayè:**
Si w blese nan travay, kontakte Biwo Konpansasyon Travayè a pou jwenn konsèy sou reklamasyon ou.
- **Pratik Travay:**
Resevwa gid pou asire pratik travay ki jis ak an sekirite nan espas travay ou.

Kijan Pou w Kontakte Biwo Ki Kòrèk la:

- **Idantifye Pwoblèm Ou:** Determine if your issue relates to wages, workplace safety, discrimination, or workers' comp.
- **Jwenn Biwo Ki Kòrèk la:** Konekte ak biwo espesifik DOL IA ki ekipe pou jere pwoblèm ou a.
- **Kontakte:** Kontakte nou pa telefòn, imèl, oswa fòmilè sou entènèt pou resevwa sipò.

Pa ezite kontakte nou! Byennèt ou se priyorite nou, Jis bann yon apèl oswa fè yon klik sèlman. Vizite sit entènèt nou oswa kontakte nou dirèkteman pou asistans.

Kesyon ke yo Souvan Poze:

Èske demann enfòmasyon mwen an konfidansyèl?

Wi, tout konsiltasyon yo trete avèk pi gwo konfidansyalite.

Ki sa pou mwen fè si mwen pa sèten ki kote pou m kòmanse?

Sèvis Kliyan DOL IA ka gide ou nan biwo ki kòrèk la selon enkyetid ou yo.

Kote yo ye:

- **Wilmington**
- **Newark**
- **Dover**
- **Georgetown**

Eskane kòd QR la pou jwenn aksè fasil a plis enfòmasyon, detay kontak biwo, fòm, ak opsyon kontak dirèk:



PHONE: (302) 761-8200

Dwa Ou ak Sekirite nan Travay: Ki Jan Nou Ede

Divizyon Afè Endistriyèl defann jistis ak sekirite nan espas travay atravè Delaware. Nou angaje n pou n asire ke tout lwa travay yo respekte, bay yon anviwònman travay ki pi an sekirite ak pi jis pou tout moun. Men kijan Divizyon Afè Endistriyèl sipòte ou:

- **Defann Dwa Ou:** Nou fè respekte lwa travay yo pou pwoteje dwa ou nan travay la.
- **Enspeksyon Sekirite ak Konsiltasyon Sante:** Nou fè enspeksyon ak ofri konsiltasyon pou kenbe kote travay ou an sekirite.
- **Konbat Diskriminasyon ak Asèlman:** Nou adrese nenpòt pwoblèm diskriminasyon ak asèlman pou asire yon anviwònman travay respektab.
- **Sipò pou Endemnizasyon pou aksidan travay:** Nou ede ak reklamasyon endemnizasyon pou aksidan travay pou ede w lè ou blese nan travay.
- **Rezoud Diskisyon ki lye a Salè:** Nou entèvni nan diskisyon sou salè pou asire ke w jwenn yon peyman jis.
- **Gid sou Pratik Travay:** Nou bay konsèy pou ede w kreye pratik travay ki pi an sekirite ak pi jis.

OL IA se resous ki dedye a ou pou w gen yon anviwònman travay ki jis ak an sekirite.

Kontakte Biwo Ki koresponn a Bezwen Ou yo

Chak biwo nou yo ofri sèvis espesyalize adapte pou satisfè bezwen ou nan travay ou. Men lè ak kijan nou ka ede ou:



Biwo Konpansasyon Travayè: Si w te sibi yon blesi ki gen rapò ak travay epi ou bezwen konsèy sou reklamasyon ou, biwo sa a se premye pwen kontak ou.



Biwo Anti-Diskriminasyon: Èske w ap fè fas ak diskriminasyon oswa asèlman nan travay? Kontakte nou pou sipò ak asistans nan navige pwoblèm sa yo.



Biwo Konsiltasyon Sekirite ak Sante: Ou gen enkyetid sou sekirite w nan travay la? Biwo nou an bay evalyasyon gratis pou asire ke anviwònman travay ou a respekte estanda sante ak sekirite.



Biwo Salè ak Lè: Si w gen enkyetid sou salè ki pa peye oswa pwoblèm ak lè travay ou ki pa satisfè estanda legal yo, nou la pou n ede w.



Biwo Kontwòl Aplikasyon lwa yo nan Endistri Konstriksyon: Ou travay nan konstriksyon epi w ap fè fas ak kondisyon ki pa an sekirite oswa tretman ki pa jis? Biwo nou an defann dwa ou pou yon anviwònman travay ki jis ak an sekirite.

Biwo Kowòdinasyon Trafik Imen: Ou sispèk aktivite trafik imen nan kote w ap travay la oswa ou bezwen asistans ak efò entèvansyon? Nou dedye pou anpeche ak adrese trafik imen.

Mit ak Reyalite

Separe Reyalite ak Fiksyon

Gen kèk fo kwayans komen sou sa DOL IA ka ak pa ka fè pou anplwaye Delaware yo. Ann mete bagay yo klè:

Mit: DOL IA lasèlman pou patwon.

Reyalite: DOL IA sèvi anplwaye yo pou pwoteje dwa ak sekirite yo.

Mit: Kontakte DOL IA ka lakòz aksyon legal imedyà.

Reyalite: DOL IA premye chèche edike ak fè medyasyon, nan optik pou jwenn yon rezolisyon ki jis.

Mit: Mande èd nan men DOL IA mete w a risk pou yo rapòte ou bay US Immigration and Customs Enforcement.

Reyalite: Konsiltasyon yo konfidansyèl epi vize rezoud pwoblèm san riske travay ou oswa enplike otorite imigrasyon yo.

Mit: Rapòte yon pwoblèm nan travay ap toujou lakòz konfwontasyon ak patwon ou.

Reyalite: DOL IA ankouraje yon apwòch koperativ pou amelyore kondisyon travay ak relasyon.

Mit: DOL IA ka bay anplwaye yo konsèy jiridik.

Reyalite: OAD ede atravè Pwosis Administratif Anti-Diskriminasyon men li pa otorize pou ofri konsèy ljiidik.